



Pou Piblikasyon Imedya: 17/04/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON YO NAN ADMINISTRASYON AN

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nominasyon sa yo nan administrasyon li an, ajoute sou yon ekip ki angaje pou enpleman pwogram enteresan li a.

“Soti depi nan ansèyman gratis nan inivèsite pou klas mwayèn lan pou rive nan kalandriye enfrastrikti ki pi enteresan nan nasyon an, administrasyon nou an gen yon rekò reyisit san presedan nan konbat pou pi gwo opòtinite sosyal ak ekonomik pou tout moun,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ajou sa yo pote nouvèl lide ak talan pou ranfòse ekip nou an, epi ajoute sou akonplisman nou yo pou travay ansanm pou kontinye fè New York vanse devan.”

Melissa DeRosa te nonmen kòm Sekretè pou Gouvènè a. Li siksede a Bill Mulrow ki kite administrasyon an pou ale nan sektè prive.

Depi mwa Avril 2013, Madmwazèl DeRosa te travay kòm Direktris Kominikasyon, Konseye Estratejik, epi pi resamman kòm Chèf Kabinè pou Gouvènè a. Pandan manda li an, Madmwazèl DeRosa te jere kominikasyon ak laprès jeneral pou Chanm Egzekitif lan ak plis pase 50 ajans, afè politik, relasyon travay, ak apwòch estratejik administrasyon an pou adopte politik yo. Li te nan tèt kanpay Gouvènè a pou ogmante salè minimòm lan rive \$15 pa èdtan, adopte pwogram konje familyal ki peye ki pi djanm nan nasyon an, epi pi resamman etabli bous ‘Excelsior Scholarship’, ki ap fè ke New York se premye eta nan peyi a pou bay ansèyman gratis nan inivèsite piblik yo pou fanmi klas mwayèn ak revni fèb yo. Anvan ke li te rejwenn biwo Gouvènè a, Madmwazèl DeRosa te travay nan Biwo Pwokirè Jeneral la kòm Chèf Kabinè Adjwen ak kòm Chèf Kabinè pa Entèrim. Madmwazèl DeRosa te dirije jefò biwo a pou negosye epi adopte pake refòm medikaman sou preskripsyon ki pi agresif nan peyi a, Lwa sou Sistèm Entènèt pou Fè Swivi sou Preskripsyon (Internet System for Tracking Over-Prescribing Act, I-STOP). Anvan ke li te travay pou Pwokirè Jeneral la, Madmwazèl DeRosa te travay kòm Direktris Organizing for America nan Eta New York, ki se òganizasyon aksyon politik nasyonal Prezidan Obama. Anvan ke li te rejwenn OFA, Madmwazèl DeRosa te travay kòm Direktris Kominikasyon ak Lejislasyon pou Cordo and Company, yon antrepriz afè gouvènman yo ki baze nan Albany. Li te tou Direktis Kanpay pou Tracey Brooks pou Kongrè a, Sekretè Adjwen Laprès pou Manm Kongrè a Nydia Velazquez, ak Sekretè Adjwen Laprès pou Kanpay Lwa sou Koneksyon Transpò nan Eta New York (NY State Transportation Bond Act) ki te gen siksè nan ane 2005. Li genyen yon Diplòm Lisans nan Relasyon Endistriyèl ak Travay yo ak yon Diplòm Metriz

nan Administrasyon Piblik, toulède nan Cornell University. Li te travay nan komite egzekitif Rezo Fowòm Lidèchip Fanm yo (Women's Leadership Forum Network) nan Komite Nasyonal Demokratik (Democratic National Committee).

Madmwazèl DeRosa se premye fanm depi toutan ki te sèvi nan wòl sekretè pou Gouvènè a.

Jill DesRosiers te nonmen kòm Sekretè Adjwen Egzekitif pou Gouvènè a. Depi 2012, Madmwazèl DesRosiers te travay kòm Sekretè Adjwen pou Operasyon Egzekitif yo epi anvan sa kòm Direktris Pwogramasyon pou Gouvènè a. Madmwazèl DesRosiers pral sipèvizè biwo Afè Entègouvènmantral yo, Pwogramasyon ak Operasyon yo, Afè Sikonskripsyon ak Rejyonal yo, Aktivite Espesyal ak Nominasyon yo. Madmwazèl DesRosiers te okipe pozisyon lidèchip yo nan Vil New York ak gouvènman nivo Eta a pandan plizyè ane. Apre ke li te pran yon diplòm nan University of Pennsylvania nan Enjenyeri Sistèm, Madmwazèl DesRosiers te travay nan pozisyon prensipal yo pou Konsèy Vil New York pandan 12 ane anba alafwa Oratè Gifford Miller ak Christine Quinn, kote responsabilite li te enkli sèvis manm ak sansibilizasyon kominotè yo. Li te kreye CouncilStat, ki se premye sistèm swivi sou òdinatè pou pwoblèm konstitiyan nan tout vil la. Li travay tou kòm direktris kanpay, direktris tèren ak direktris GOTV pandan plis pase yon douzèn kanpay ki reyisi nan Eta New York.

Adam Zurofsky te nonmen kòm Sekretè Adjwen pou Sèvis Enèji ak Finans yo. Mesye Zurofsky vini nan sèvis eta apre ke li te travay kòm Prezidan & Fondatè Touchstone Metrics, LLC, ki se yon konpayi konsilasyon jesyon biznis nan Vil New York. Anvan sa, li te yon Patnè nan Cahill Gordon & Reindell LLP, kote li te konseye konpayi yo ak komite yo sou pwoblèm regilatwa, litij, ak gouvènans yo. Mesye Zurofsky te anseye kòm yon Pwofesè Oksilyè epi li te travay kòm yon Lidè Pwogram nan Fordham Law School, epi li se yon Manm Komite nan Konsèy Lidèchip Etid sou Gouvènans nan Brookings Institution. Li te genyen yon diplòm Doktora Jiridik (J.D.) nan Harvard Law School, kote li te gradye ak cum laude, epi li te geyen yon Lisans Asosye (B.A.) nan Syans Politik nan Stanford University.

Michael Schmidt te nonmen kòm Sekretè Adjwen pou Devlopman Ekonomik. Mesye Schmidt te travay anvan sa nan yon ekip konseye politik pou Hillary Clinton nan kanpay Hillary for America a. Nan wòl sa li te dirije devlopman kalandriye ekonomik Sekretè Clinton nan yon seri varyete pwoblèm, ki enkli devloman règleman finansye, komès, enfrastrikti, lojman, ekonomik ak ti biznis. Anvan ke li te rejwenn kanpay la, li te travay nan Biwo Finans Domestik nan Depatman Trezò Etazini an kote li te sipòte jefò Administrasyon Obama yo pou kapab amelyore règleman Wall Street yo apre kriz finansye 2008 lan. Anvan ke li te travay nan gouvènman an, Mesye Schmidt te yon Analis Finans Prensipal nan Biwo Envestisman Yale (Yale Investments Office). Li genyen yon diplòm Doktora Jiridik (J.D.) ak yon Lisans Asosye (B.A.) nan Yale.

Ali Chaudhry te nonmen kòm Sekretè Adjwen pou Transpò apre ke li te travay kòm Sekretè Adjwen pou Devlopman Ekonomik. Anvan sa, li te Konseye Asistan pou Gouvènè Cuomo pandan de ane ak yon fokis sou transpò ak devlopman ekonomik. Li te bay konsèy sou pwojè kapital priyorite yo ki enkli redevlopman Ayewopò LaGuardia a, nouvo pon Tappan Zee Bridge lan, metwo Second Avenue Subway lan,

Plan Kapital MTA a, Plan Kapital DOT a, Empire Station Complex lan, Inisyativ Broadband lan, ak ekspansyon sant Javits Convention Center an. Mesye Chaudhry te sèvi tou kòm konseye sou divès pwojè devlopman ekonomik atravè Eta a, menm jan ak apwovizyonman livrezon pwojè altènatif yo. Anvan ke li te rejwenn Chanm Egzekitif lan, Mesye Chaudhry te travay kòm Konseye Asistan nan Sena Eta New York lan, kote li te konseye pou plizyè komite lejislatif pandan yon peryòd twa ane. Anvan ke li te rejwenn sèvis piblik yo, Mesye Chaudhry te pratike litij sivil nan sektè prive a, ki konsantre sou pwoblèm anplwa yo.

Adam W. Silverman te nonmen kòm Konseye Asistan pou Gouvènè a pou Sekirite Piblik. Pi resamman, Mesye Silverman te travay kòm Konseye Espesyal pou Komisè Etik, Risk ak Konfòmite an nan Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè yo nan Eta New York (New York State Department of Corrections and Community Supervision). Anvan sa, li te yon Avoka Asosye nan depatman litij nan yon Kabinè Avoka Entènasyonal. La a, li te konsantre pratik li sou pwoblèm komèsyal ak gouvènmantral ki konplèks yo pou kliyan ki klase an gwosè soti depi nan pwopriyete ti biznis yo pou rive nan kòporasyon Fortune 500 yo. Mesye Silverman te travay tou kòm yon Avoka Jeneral Asistan nan Biwo Avoka Jeneral eta New York lan, ki reprezante Eta a ak anplwaye li yo nan alafwa tribinal federal ak eta yo. Li genyen yon diplòm Doktora Jiridik (J.D.) nan Albany Law School ak yon Lisans Asosye (B.A.) nan Sikoloji, ak yon ti metriz nan Jistis Kriminèl, nan George Washington University.

Tanisha Edwards te nonmen kòm Konseye Asistan pou Gouvènè a pou Fiskalizasyon ak Finans. Li te gen plis pase dis ane eksperyans legal nan travay nan gouvènman an. Pi resamman, li te travay kòm Konseye An Chèf nan divizyon finans Konsèy Vil New York lan kote li te konseye Oratè Konsèy lan, Prezidan Komite Finans, ak Manm Konsèy Vil lan yo sou pwojè lwa ak pwoblèm politik ak legal yo ki an rapò ak bidjè Vil New York lan. Pandan ke li te travay kòm Konseye An Chèf nan Divizyon Finans lan, li te travay tou kòm Konseye nan Komite Finans lan. Anvan ke li te travay ak Konsèy Vil lan, li te travay kòm Konseye Lejislatif nan Biwo Kontwòlè Vil New York lan (Office of the New York City Comptroller). Li te genyen yon diplòm Doktora Jiridik (J.D.) nan Rutgers University Law School ak yon Lisans Asosye (B.A.) nan Sikoloji nan Syracuse University.

Rajiv Shah te nonmen kòm Sekretè Asistan pou Anviwònman an apre ke li te travay kòm Konseye Politik Prensipal pou Anviwònman an. Anvan ke li te rejwenn Chanm Komès la, Mesye Shah te rejwenn Depatman Pwoteksyon Anviwònmantral nan Eta New York (New York State Department of Environmental Conservation) kòm yon Manm Empire State, epi li te travay nan wòl doub kòm yon Asistan Espesyal pou Komisè a ak yon Konseye pou Biwo Ranfòsman Jeneral la. Anvan ke li te travay nan DEC, Mesye Shah te travay kòm yon Avoka Jeneral Asistan nan Biwo Avoka Jeneral nan Eta New York. Li te travay kòm grefye tou pou Onorab Eileen Nadelson nan Tribinal Sivil Konte Kings ak pou Onorab Laura Taylor Swain nan Tribinal Distik Etazini nan Distrik Rejyon Sid lan. Mesye Shah te genyen diplòm Doktora Jiridik (J.D.) li nan Fordham University ak yon Lisans Asosye (B.A.) nan University of Pennsylvania.

Megan Baldwin te nonmen kòm Sekretè Asistan pou Sante. Madmwazèl Baldwin pi resamman te okipe divès wòl nan Komite Finans Sena Eta New York lan (New York

State Senate Finance Committee), ki enkli Analis Prensipal pou Konferans Repiblikè lan, kote li te dirije negosyasyon bidjè yo nan non Majorite Sena a. Li te travay tou kòm yon Analis Prensipal ak Analis Asosye pou Konferans Demokratik lan, kote li te bay Manm Majorite Sena yo rechèch ak rekòmandasyon konsènan pwopozisyon bidjè yo pou DOH, OCFS ak OTDA. Li gen eksperyans tou nan travay nan Biwo Kontwòl Eta New York lan. Li te resevwa yon Metriz nan Administrasyon Biznis (M.B.A.) nan Rochester Institute of Technology and yon Lisans nan Syans (B.S.) nan Administrasyon Biznis nan SUNY College at Brockport.

Natacha Carbajal-Evangelista te nonmen kòm Sekretè Asistan pou Travay ak Mendèv. Madmwazèl Carbajal-Evangelista pi resamman te travay kòm Konseye Espesyal pou Etik, Risk ak Konfòmite pou Komisè an nan Depatman Travay nan Eta New York (New York State Department of Labor). Anvan sèvis nan gouvènman an, Madmwazèl Carbajal-Evangelista te yon asosye prensipal nan Baker & Hostetler LLP. Li te travay tou kòm yon Grefye Lwa Jidisyè pou Tribinal Fayit Etazini yo (United States Bankruptcy Courts) nan Distrik Rejyon Sid ak Rejyon Lès New York. Madmwazèl Carbajal-Evangelista te resevwa plizyè prim pou pwovizyon sèvis legal 'pro bono' li bay viktim vyolans domestik yo ki enkli prim 'John Geiger Award' 2015 nan men Her Justice, ak prim 'Champion of Justice Award' 2013 nan men Brooklyn Bar Association Volunteer Lawyers Project ak T.D. Bank. Li te gen yon Lisans nan Syans (B.S.) nan Lekòl Relasyon Endistriyèl ak Travay yo (School of Industrial and Labor Relations) nan Cornell University ak yon diplòm Doktora Jiridik (J.D.) nan Fordham University.

Daniel Fuller te nonmen kòm Sekretè Asistan pou Edikasyon apre ke li te travay kòm Konseye Politik Edikasyon. Anvan sa, Mesye Fuller te travay kòm Vis Prezidan Relasyon Lejislatif nan Kominote yo nan Lekòl yo (Communities in Schools). Li te tou Direktè Politik Piblik nan Association for Supervision and Curriculum Development, epi anvan sa, li te Direktè Pwogram Federal yo nan National School Boards Association. Mesye Fuller genyen yon Lisans Asosye (B.A.) nan Anglè ke li fè nan SUNY Plattsburgh.

Peter Olmsted te nonmen kòm Sekretè Asistan pou Enèji apre ke li te travay kòm Direktè Angajman Estratejik nan Depatman Sèvis Piblik Eta New York lan (New York State Department of Public Service). Nan wòl sa li te responsab pou jere travay vital pou Refòm Vizyon Enèji (Reforming the Energy Vision, REV) Gouvènè Cuomo a ak reyalizasyon Inisyativ Gaz A Efè Sèr Rejyonal la (Regional Greenhouse Gas Initiative). Anvan ke li t'ap travay nan DPS, Mesye Olmsted te Direktè Rejyonal Kòt Lès pou Vote Solar Li te travay tou kòm yon Manm Politik Enèji nan Komite Elektoral Majorite a nan Sena Eta Delaware. Mesye Olmsted te resevwa yon diplòm Metriz nan Politik Anviwònman ak Enèji nan University of Delaware ak yon Lisans Asosye (B.A.) nan Skidmore College.

Abbey Fashouer te nonmen kòm Premyè Sekretè Adjwen Laprès. Madmwazèl Fashouer pi resamman te travay kòm Sekretè Adjwen Laprès. Madmwazèl Fashouer anvan sa te travay kòm Sekretè Laprès pou Senatè Eta Jeff Klein. Madmwazèl Fashouer te sèvi tou kòm yon Direktris nan Mercury, LLC kote li te ede devlope epi egzekite kanpay afè piblik yo pou alafwa kliyan sektè prive ak piblik yo. Madmwazèl Fashouer gen eksperyans tou nan kanpay lokal ak eta yo, nan travay kòm yon

òganizatis tèren pou Kanpay Sweeney, Burzichelli, ak Riley ki nan New Jersey, menm jan ak Quinn pou Kanpay Majistrati New York. Li gen yon Lisans Asosye (B.A.) nan SUNY Albany.

Robyn Ryan te nonmen kòm Direktris Asistan Operasyon pou Pwojè Espesyal yo. Madmwazèl Ryan se yon direktris pwojè ki reyisi epi ekri ki te travay pi resamman kòm Konseye Sèvis Egzekitif pou New York State Bar Association Anvan sa, li te travay kòm grefye pou Jij Tribinal Distrik Etazini an Peter J. Messitte, apre ke li te travay nan pratik prive antan ke yon Asosye Litij nan Steptoe & Johnson ki nan Washington, DC. Madmwazèl Ryan gen plizyè ane eksperyans nan travay kòm yon rapòtè kabinè pou Times Herald Record, epi kòm yon ekri endepandan. Li te genyen yon diplòm Doktora Jiridik (J.D.) nan Georgetown University Law Center ak Lisans Asosye (B.A.) li an nan Barnard College.

Andrew Ball te nonmen kòm Sekretè Asistan pou Afè Entègouvènmantal yo. Anvan sa, Mesye Ball te travay kòm Direktè Pwogramasyon ak Asistan Konfidansyèl pou Gouvènè a. Mesye Ball te rejwenn administrasyon Cuomo an nan ane 2011 kòm asistan espesyal pou afè entègouvènmantal ak lejislatif yo, kote li te sèvi kòm yon lyezon ant ofisyèl eli lokal yo ak administrasyon an, ki enkli abòde pwoblèm elektè yo epi fasilite kowòdinasyon ant manm lejislatif yo ak ajans eta yo. Antan ke yon natif natal Long Island, Mesye Ball te gradye nan Syracuse University an 2010.

Chelsea Muller te nonmen kòm Direktris Prensipal Pwogram. Madmwazèl Muller te rejwenn Chanm Egzekitif lan apre ke li te travay nan Biwo Retablisman Tanpèt Gouvènè a (Governor's Office of Storm Recovery) antan ke yon Direktris Prensipal Pwogram. Nan wòl sa, li te ede lanse Pwogram Rekonstwi Kominote Leve NY (NY Rising Community Reconstruction Program) epi li te dirije pwojè planifikasyon ak devlopman kominote yo pou ajans lan. Anvan ke li te rejwenn gouvènman eta a, li te Direktris Egzekitif Rebuilding Together NYC, ki se yon òganizasyon san bi likratif ki dedike nan rekonstwi kominote Vil New York lan apre Ouragan Sandy. Anvan sa, li te yon Prezantatris, Repòtè ak yon Pwodiktris pou KDRV-TV ki nan Medford Oregon, ak yon Pwodiktris Asosye pou KVBC-TV ki nan Las Vegas, NV. Li genyen yon Lisans Asosye (B.A.) nan University of Nevada ak yon Sètifikasyon nan Relasyon Piblik yo nan University of Washington, Seattle.

Casey Kuklick te nonmen kòm Konseye Prensipal Politik pou Enèji. Mesye Kuklick te travay nan administrasyon Gouvènè Cuomo a nan Biwo Enèji ak Finans lan depi an 2014, pi resamman kòm yon Konseye Politik epi anvan sa, kòm yon Analis Politik Ibèn ak Enfrastrikti. Anvan ke li te rejwenn gouvènman eta a li te yon Asistan Pwogram pou Pwogram Politik Rejyonal ak Ibèn pou Fon German Marshall Etazini an. Li te okipe wòl nan Biwo Prezidan Awondisman Manhattan lan Scott M. Stringer, Senatè Ameriken an Charles E. Schumer ak nan Biwo Dirabilite Majistra Vil Philadelphia. Li te resevwa yon Metriz Administrasyon Piblik (M.P.A.) nan Politik Ibèn ak Politik Avanse ak Analis Ekonomik nan Columbia University School of International and Public Affairs ak yon Lisans Asosye (B.A.) nan Northwestern University.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418